

GLADHEN MATERI PARIWARA

Jeneng :
Kelas :
Nomer :

Wangsulana pitakonan iki kanthi menehi tandha ping (X) ing milih salah sawijine wangsulan kang koanggep bener !

1. Gatekna gambar iki ngisor iki!



Gambar iku kalebu jinis

- a. Pariwara
 - b. Cerkak
 - c. Geguritan
 - d. Sesorah
 - e. Pawarta
2. Pratelan kang ora trep karo pariwara iki yaiku



- a. Susu Dancow cocok kanggo bocah kang aktif
 - b. Susu Dancow katujokake marang wong tuwa
 - c. Pariwara kasebut nawakake susu Dancow
 - d. Dancow ngandhut vitamin kang becik kanggo bocah
 - e. Pariwara iku bisa kapacak ing majalah/ koran/ internet
3. Produsen Le Minerale gawe pariwara ing maneka werna medhiya kayata medhia elektronik lan medhia cithak kanthi tujuwan tinamtu, kajaba
- a. Paring informasi ngenani Le Minerale
 - b. Pangajak kanggo masarakat supaya nggunakake Le Minerale
 - c. Pangeling supaya masarakat tansah tuku Le Minerale

- d. Paring informasi ngenani Le Minerale rasane pait
- e. Pangajak kanggo masarakat supaya tansah tuku Le Minerale

4. Pariwara kang tujuwane menehi pakarti marang masarakat supaya nindakake utawa ngedohi sawijining bab kaya gambar iki diarani

*Buang sampah ning panggonane
lan kudu njogo lingkungan sebab
nyamuk ora seneng nang tempat
sing resik.*



- a. Pariwara komersial
- b. Pariwara leladi jasa / layanan masarakat
- c. Pariwara pemberitahuan / wara-wara
- d. Pariwara penawaran
- e. Pariwara permintaan

5. Pratelan kang trep karo wosing pariwara iku yaiku

*Buang sampah ning panggonane
lan kudu njogo lingkungan sebab
nyamuk ora seneng nang tempat
sing resik.*



- a. Nyamuk seneng panggonan kang resik
- b. Regetan kang sumebar gawe panggonan resik
- c. Buang regetan ing pawuhan kuwi kuwajiban
- d. Njaga lingkungan kuwi kuwajibane bocah sekolah
- e. Buang regetan ing kali bisa ndadekake banjir

6. Pratelan kang ora trep karo pariwara kasebut yaiku



- a. Pariwara kasebut katujokake marang kanoman.
- b. Narkoba agawe urip ora tentrem.
- c. Pariwara iku katujokake marang bebrayan agung.

- d. Urip bakal mulya menawa ora nggunakake narkoba.
 - e. Wujud narkoba ana maneka warna.
7. Mediya kang bisa digunakake kanggo ngemot pariwaru yaiku
- a. Brosur
 - b. Majalah
 - c. Lelayu
 - d. Iklan
 - e. Sayembara
8. Ing ngisor iki wujud pariwaru elektronik **kajaba**
- a. Instagram
 - b. Facebook
 - c. Web
 - d. Youtube
 - e. Majalah Tempo
9. Gayut karo wosing pariwaru, kang kudu digatekake nalika gawe pariwaru **kajaba**
- a. Objektif lan jujur
 - b. Cekak lan cetha
 - c. Narik kawigaten pamirsa lan pamyarsa
 - d. Ora nyinggung wong liya
 - e. Nduduhake kekurangan produk liya
10. Gatekna pratelan iki!
- 1) Basane gampang dimangerteni
 - 2) Migunakake basa krama inggil
 - 3) Ukarane cekak lan cetha
 - 4) Migunakake ukara pangajak
 - 5) Njlentrehake kabecikan produk
- Adhedhasar pratelan iku, kang kalebu titikan basa pariwaru yaiku
- a. (1), (2), (3)
 - b. (1), (3), (4)
 - c. (2), (3), (4)
 - d. (2), (3), (5)
 - e. (3), (4), (5)